# ÓSIMLIK DÚNYASÍ OBYEKTLERINEN PAYDALANÍW HÁM QORǴAW TARAWÍNDA MÁMLEKETLIK BASQARÍW HÁM BAQLAW

**Omirzakov Rustem**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti
stajyor-oqıtıwshısı
omirzakov_r@karsu.uz

**Miraddin Tursinbaev**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti
stajyer-oqıtıwshısı
mtursinbaev@karsu.uz

## ANNOTACIYA

Maqalada ósimlik dúnyası obyektlerinen paydalanıw hám qorǵaw tarawındaǵı mámleketlik sıyasatı haqqındaǵı ulıwmalıq kóz-qaraslar berilgen bolıp, maqlaǵa bola basqarıw tarawındaǵı óz-ara baylanıslı elementler dodalanǵan.

**Gilt sózler:** Mámlekettiń ekologiyalıq sıyasatı, Bazar ekonomikası, ekologiyalıq turaqlılıq, mámleketlik basqarıw.

## ABSTRACT

The article provides a general view of public policy on the protection of plant species and complements some related elements on the management of subsidiary sites.

**Keywords:** State environmental policy, market economy, environmental sustainability, public administration.

Bazar ekonomikası sharayatında ekonomikalıq tikleniwdı ekologiyalıq turaqlılıq penen múnasip halda alıp barıw mámlekettiń ekologiya tarawındaǵı basqarıw wákilliginiń keńeytiriliwi hám hákimshilik-huqıqıy jol menen ámelge asırılıwın payda etedi[1. B. 11-14].

Ózbekstan Respublıkasınıń ekologiya huqıqına tiyisli ilimiy-teoriyalıq dereklerınde ekologiya tarawında mámleket basqarıwı máseleleri keńirek jarıtılǵan bolıp, olarda ekologiya tarawında mámleket basqarıwı hám baqlawınıń mámleket ekologiyalıq sıyasatında áhmiyetlı orın tutıwı aytıp ótilgen [2. B.12-13]. Tiykarınan, Sh.X.Fayziev hár qanday mámlekettiń ekologiyalıq sıyasatı qorshaǵan tábiyiy ortalıq tarawındaǵı mámleket basqarıwı hám baqlawı menen tıǵız baylanıslıǵın hámde

ekologiyalıq siyasat ekologiya tarawındaǵı mámleket basqarıwı hám baqlawınıń sistemalı kórinisi ekenligin aytıp ótedi [3. C. 45.].

Ekologiya tarawında mámleketlik basqarıw mámleket ekologiyalıq funkciyasınıń quramlı bólimin payda etedi [4. C.90-98.]. M.K.Najimov sózi menen aytqanda, "Basqarıw óz ara tıǵız baylanıslıqta bolǵan elementlerden (quramlı bóleklerden) quralǵan belgili bir protsess. Aytıw múmkin, bul basqarıwdıń ulıwma, shólkemlestiriw-ekonomikalıq kórinisi" [5. Б.23]. A.Isabaevtıń aytıwınsha "Mámleket basqarıwı – keń mánide mámleket-basqarıw xızmetiniń sinonimi hám atqarıwshı hákimiyat xızmetin ámelge asırıw forması" [6. Б. 16.]. Mámleketlik basqarıw túsinigi hám mánisi ulıwma aytqanda, mámleketlik hákimiyat hám basqarıw uyımları sisteması tárepinen olardıń wákillikleri sheńberinde huqıq iskerligi qurallarıń ámelge asırıwdı támiynlew hám onı orınlawda kórinedi [7. C. 68.].

B.V.Erofeevtiń aytıwınsha, "ekonomikalıq hám ekologiyalıq sistemalarǵa qarata mámlekettıń tártipke salıw xızmetındegi ózine iyelikler olardıń tábiyattaǵı áhmıyetli parqlardan kelip shıǵadı: ekonomikalıq sistemada keshetuǵın obyektiv processlerge tereń aralasıw múmkin, bıraq ekologiyalıq sistemada ámel etetuǵın tábıyat nızamlarına ulıwma aralasıp bolmaydi" [8. C. 238.]. N.B.Muhitdinov bolsa, izertlewlerınde ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw qatnasıqları tarawındaǵı mámleket basqarıwınıń tábiyat obyektlerinen paydalanıw hámde olardı qorǵawdı rejelestiriw, mámleket kadastrların esaplaw hám júritiw, tábıyat obyektlerin bólistiriw hám qayta bólistiriw, tábiyat obyektlerinen paydalanıw hám olardı qorǵawdı baqlap barıw, tábiyat obyektlerinen paydalanıw máseleleri boyınsha júzege kelgen dawlardı sheshiw kibi funkciyaların ajratıp kórsetedi [9. C. 107.].

Ulıwma alǵanda, basqarıw – shólkemlestırıw sistemalar funkciyası bolıp, olardıń belgili bir dúziliste saqlanıwın támiyinleydi, xızmet rejimin qollap-quwatlaydı, olardıń dástur hám máqsetlerin parqlaydı [10. C. 43.]. Soǵan kóre, "ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw hám tábiyiy resurslardan paydalanıw tarawındaǵı mámleket basqarıwı degende, wákillikli mámleket uyımlarınıń normativ-huqıqıy hújjetler menen tártipke salınǵan insannıń qolay qorshaǵan tábiyiy ortalıq sharayatlarına iye bolıwın támiynlew máqsetinde tábiyiy ekologiyalıq sistemalar hám tábiyiy resurslardı saqlap qalıwdı huqıqıy sananı ekologızatsıyalaw hám huqıq jolı menen tártıpke salıwǵ a qaratılǵ an xızmetı" [ C. 106-137.].

Demek, ósimlik dúnyası obyektlerın qorǵaw tarawında mámleket basqarıwı degende, wákillikli mámleket basqarıw uyımlarınıń normatıv-huqıqıy hújjetler menen belgilengen ósimlik dúnyası obyektlerin saqlap qalıw, qorǵaw hám olardan aqılǵa muwapıq paydalanıwdı támıyınlewge qaratılǵan xızmetın túsinemiz.

Juwmaq etıp aytqanda, ósimlik dúnyası obyektlerın qorǵaw tarawında mámleket basqarıwı hám baqlawı usı ósimlik dúnyası obyektlerınen aqılǵa muwapıq

paydalanıwdı hámde olardı qorǵawdı támıyınlewde áhmiyetli orın tutadı hámde ósimlik dúnyası tarawındaǵı basqarıw hám baqlawdıń quramlı bólimin payda etedi.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR DIZIMI: (REFERENCES)

1) Алихонов Б.Б. Екологик барқарорлик // Ҳуқуқ ва бурч. – Тошкент, 2010. – 36. – Б. 11-14.
2) Исанов Х.Р. Давлат экологик мониторингини ҳуқукий таъминлаш муаммолари: Юрид. фан. номз. ... дисс. автореф. – Тошкент: ТДЮИ, 2007. – Б. 12-13.
3) Файзиев Ш.Х. Теоретические проблемы правового обеспечения экологической политики Республики Узбекистан. Монография / Под ред. М.Х.Рустамбаеваа, М.Б.усманова. – Ташкент: ТГЮИ, 2004. – С. 45.
4) Холмўминов Ж.Т., Файзиев М.М., Безбородов Ю.Г. Экологическая функция государства // Научный мир Казахстана. – Алматы, 2006. – №2. – С. 90-98.
5) Нажимов М.К. Давлатнинг экологик функцияси: Юрид. фан. номз. ... дисс. – Тошкент: ТДЮИ, 2004. – Б.23.
6) Исабоев А. Ердан фойдаланиш устидан давлат бошқарувини такомиллаштириш муаммолари: Юрид. фан. номз. ... дисс. – Тошкент: ТДЮИ, 2004. – Б. 16.
7) Юсупов OL.Ж. Право сельскохозяйственного водопользования в Кыргызской Республике: Дисс. ... канд. юрид. наук. – Жалалабат, 2008. – С. 68.
8) Ерофеев Б. В. Экологическая право. – М., 1998. – С. 238.
9) Molхитдинов Н.Б. Основы горного права. – Алма-Ата, 1983. – С. 162.; Мухитдинов Н.Б., Тукеев А.Ж. Право собственности на воды Респolблики Казахстан в период пerехода к рынкой. – Алматы, 1995. – С. 107.
10) Государственно-правовое отправление качеством окружающей среды. Коллектив авторов (М.Р.Аракелян, И.Л.Белый, Л.Д.Долгополов, Н.И.Долматов, М.А.Миндзаев, П.П.Музыченко, Е.А.Плотников, А.В.Сотрилов). – Киев-Одесса: Вища школа, 1983. – С. 43.
11) Балашенко С.А.Государственное управление в области охраны окружающей среды // Государство и право. – 2001. – №7. – С. 106-137.